



## AVI POLITIK

Operasyon sou Teren 2024 - 18

**Politik:** AF25 Fèmti Apwouve pou Pwogram k ap Patisipe nan CCFA

**Dat Antre an Vigè Politik la:** 1ye Jiyè 2024

**Mizajou:** 30 out 2024

Avi Politik sa a gen ladan plizyè mizajou ansanm ak Kesyon Moun Poze Souvan (FAQs) ki bay plis klarifikasyon pou konplete Avi Politik orijinal la ki te pibliye an Jiyè 2024.

### Apèsi

Depatman Edikasyon ak Swen Bonè (EEC) te mete ajou ak amonize kantite Jounen Fèmti ki Apwouve pou Gwoup ak Laj Lekòl (GSA) ak pwogram Swen Timoun nan Fanmi (FCC) k ap patisipe nan sistèm Asistans Finansye pou Swen Timoun Massachusetts (CCFA). Chanjman sa a rekonèt bezwen pwofesyonèl nou yo k ap travay sou teren epi li bay pwogram yo plis fleksibilite pou detèmine dat fèmti ki bon pou yo, anplwaye yo ak fanmi yo.

Avi politik sa a bay klarifikasyon sou novo règleman jounen fèmti ki apwouve yo ak direktiv atravè tip pwogram yo pou sipòte aplikasyon an.

### Aplikabilite

Direktiv sa yo gen rapò ak pwogram GSA, Sistèm FCC ak Edikatè FCC k ap patisipe nan CCFA.

### Mizajou Kle

- Pwogram GSA yo ansanm ak Edikatè FCC yo pral kounye a gen jiska 22 jou Fèmti Peye Apwouve pa ane (defini kòm ane fiskal EEC a, ki kòmanse 1ye jiyè epi ki fini 30 jen).
- Jou sa yo gen ladan 12 jou ferye eta a, 5 jou devlopman pwofesyonèl ak 10 jou fèmti fleksib siplemantè pwogram yo ka pwogramme nan diskresyon yo ki baze sou bezwen anplwaye yo ak fanmi yo. Pwogram yo ka chwazi sèvi ak kèk nan jou fèmti fleksib yo ant Nwèl ak Jou Nouvèl Ane a, oswa nan lòt moman pandan ane a ki baze sou sa ki fè sans pou nenpòt pwogram endividyle ak anplwaye yo ak fanmi yo.

- Douz (12) jou ferye Fèmti Peye Apwouye yo gen ladan yo:
  1. Jou Nouvèl Ane a
  2. Jou Martin Luther King Jr
  3. Fèt Prezidan an
  4. Jou Patriyòt yo
  5. Jou Souvni
  6. Juneteenth
  7. Kat Jiyè
  8. Fèt Travay
  9. Jou Kolon/Jou Pèp Endijèn nan
  10. Jou Veteran yo
  11. Aksyon de Gras
  12. Fèt Nwèl
- Anplis 10 jou fèmti peye fleksib yo, pwogram GSA yo ak Edikatè FCC yo ak Sistèm FCC yo ka kontinye fèmen pandan jiska senk jou devlopman pwofesyonèl peye pa ane.
- Pwogram GSA yo, ak Sistèm FCC yo ak ajans Resous ak Rekòmandasyon nan zafè Swen Timoun (CCRR) yo ap toujou gen pou soumèt dat fèmti apwouye yo bay EEC sou Fòm Kalandriye Fèmti (Sistèm FCC e ki Baze sou Sant) pou asire EEC gen kalandriye fèmti konplè chak òganizasyon pou ane fiskal la. Kòm toujou, pwogram yo ta dwe travay avèk fanmi yo pou detèmine yon kalandriye fonksyònman ki alafwa sipòte aksè pou fanmi yo ak opòtinite pou anplwaye yo ak edikatè yo pou pwogramme tan konje oswa patisipe nan opòtinite devlopman pwofesyonèl yo. Li enpòtan pou bay fanmi yo avi otank posib sou fèmti pwogram yo pou fanmi yo ka jwenn aranjman swen altènatif, si sa nesesè.

Apati de AF25 la ak pi devan, pa gen pwosesis akimilasyon ankò pou Jou Fèmti Fleksib yo te konnen anvan kòm Konje Peye (PTO) epi kounye a jou sa yo pral bay nan dat 1ye jiyè chak ane.

**Remak: Edikatè FCC yo pa pral wè jou fèmti apwouye yo nan CCFA jiskaske sistèm CCFA a mete ajou nan fen mwa septanm lan.**

## Resous

Kesyon Moun Poze Souvan ki bay plis klarifikasyon sou direktiv sa yo enkli anba a.  
 Y ap bay plis enfòmasyon sou pwosedi ak dokiman pandan y ap fè lòt mizajou nan sistèm IT CCFA a. Mizajou sistèm CCFA ki nesesè pou politik sa a pwogramme pwovizwaman pou fen mwa septanm lan.

## **Obsolèt (pa sèvi ankò)**

Avi politik sa a ranplase tout direktiv jou fèmti ki te apwouve oparavan.

# **KESYON YO POZE SOUVAN POU POLITIK FÈMTI KI APWOUVE POU PWOGGRAM GWOUP AK LAJ LEKÒL (GSA), SISTÈM SWEN TIMOUN NAN FANMI (FCC) AK EDIKATÈ FCC**

## **POU PWOGGRAM GSA, SISTÈM AK EDIKATÈ FCC:**

### **1. Ki tip jou Fèmti ki Apwouve yo?**

Tanpri gade tablo ki anba a.

Tip Jou Fèmti Apwouve yo	Kantite Jou
Jou Ferye Eta a	12
Jou Fèmti Fleksib	10
Jou Developman Pwofesyonèl	5

Tanpri sonje pwogram yo ka ranplase jou ferye reliye pa nenpòt nan jou ferye yo idantifye epi yo ka chanje jiska de nan jou ferye yo idantifye an lòt jou founisè a chwazi a (yo). Sa vle di yon pwogram ta ka louvri nan yon jou ferye epi fèmen nan yon lòt jou yo chwazi.

### **2. Èske jou Konje Peye (PTO) toujou egziste?**

Konje Peye yo pral rele kounye a Jou Fèmti fleksib. Nou bay plis enfòmasyon anba a sou Jou Fèmti fleksib yo. Nou pral chanje tèm Jou Fèmti Peye a an Jou Fèmti Fleksib nan sistèm CCFA a ak nan tout pwosedi fakti ak peman yo. Yon fwa fonksyonalite sa a deplwaye, PTO p ap yon kategori nan CCFA ankò. Mizajou sistèm CCFA ki nesesè pou politik sa a pwogramme pwovizwaman pou fen mwa septanm lan.

### **3. Èske pwogram GSA ak Sistèm FCC yo ka repòte Jou Fèmti fleksib yo nan pwochen Ane Fiskal la?**

Non, pwogram GSA ak Sistèm FCC yo pa pral kapab repòte Jou Fèmti Fleksib nan pwochen ane fiskal la epi yo dwe itilize anvan 30 jen.

### **4. Èske pwogram GSA ak Sistèm FCC yo toujou jwenn 5 Jou Developman Pwofesyonèl (PD)?**

Wi, pwogram GSA ak Sistèm FCC yo toujou gen jiska 5 Jou Developman Pwofesyonèl pa ane. Pwogram GSA ak Sistèm FCC yo ka deside itilize 5 oswa mwens jou pwofesyonèl. EEC considere developman pwofesyonèl kòm yon sipò obligatwa ak nesesè pou tout edikatè yo.

### **5. Èske yo ka ranbouse yon pwogram san enskripsyon CCFA aktif pou jou Fèmti Apwouve yo?**

Non, pwogram yo pral ranbouse sèlman lè gen yon plasman aktif pou swen timoun nan CCFA.

### **6. Ki jan yo ta dwe enskri prezans pou timoun pwogram yo deja itilize fèmti pou ane fiskal 2025 la?**

Yo poko mete sistèm CCFA a ajou pou pèmèt 10 Jou Fèmti Fleksib nan kalandriye pwogram yo. Tanpri gade direktiv faktirasyon EEC te pibliye atravè Bwat Olèt Sibvansyon an nan mwa Jiyè 2024 la jiska nouvèlòd.

## **POU PWOGRAM GSA SÈLMAN:**

### **1. Pou kisa pwogram GSA yo ka itilize Jou Fèmti Fleksib yo?**

Jou Fèmti fleksib yo ka pwogramme nan diskresyon yon pwogram ki baze sou bezwen anplwaye ak fanmi yo. Pwogram yo ka chwazi itilize kèk nan jou fèmti apwouve siplemantè yo ant Nwèl ak Jou Nouvel Ane a, oswa nan lòt moman pandan ane a ki baze sou sa ki fè sans pou nenpòt pwogram endividiyèl ak anplwaye yo ak fanmi yo.

### **2. Ki jan EEC ranbouse pwogram GSA pou jou Fèmti Apwouve ak jou Developman Pwofesyonèl yo?**

Tanpri gade tablo ki anba a.

Tip Fèmti	Ranbousman EEC
Jou Ferye Eta a	Konplè Chak Jou, Frè Paran ladann
Jou Fèmti Fleksib	Konplè Chak Jou, Frè Paran ladann
Jou Developman Pwofesyonèl	Konplè Chak Jou, Frè Paran ladann

### **3. Èske pwogram GSA yo nan menm kote a ka itilize diferan jou fèmti (egzanp anplwaye pwogram Laj Lekòl la gen yon Jou Pwofesyonèl, epi pwogram Preskolè a ap rete ouvè)? Ki jan sa ta antre nan CCFA?**

Wi, pwogram GSA yo nan menm kote a ka itilize diferan jou fèmti ki baze sou bezwen anplwaye yo ak fanmi yo sepandan, fonksyonalite sa a poko disponib. Mizajou sistèm CCFA ki nesesè pou politik sa a pwogramme pwovizwaman pou fen mwa septanm lan.

### **4. Èske pwogram GSA yo oblige soumèt Orè Fèmti Anyèl la bay EEC nan kòmansman ane fiskal la?**

Wi, tout pwogram k ap sèvi timoun ki resevwa CCFA yo oblige soumèt yon kalandriye fèmti chak ane. Pwogram GSA ki gen kontra yo soumèt Fòmilè Kalandriye Fèmti Anyèl la bay EEC epi Founisè Koupon yo Sèlman oblige soumèt li bay CCRR yo a. Rapò a ta dwe gen ladan Fèmti Jou Ferye, Jou Developman Pwofesyonèl, ak jou Fèmti Fleksib.

## **POU EDIKATÈ SWEN TIMOUN NAN FANMI SÈLMAN (FCC):**

- 1. Èske Edikatè FCC yo oblige itilize menm Jou Fèmti Fleksib ak Biwo Administratif Sistèm FCC a?**

Non, Edikatè FCC ki egzèse aktivite yo nan kad yon Sistèm pa oblige itilize menm Jou Fèmti Fleksib ak Biwo Administratif Sistèm FCC a epi yo dwe bay fleksibilite pou chwazi jou ki pi bon pou pwogram yo. Edikatè FCC yo ka ranplase jou ferye reliye pa nenpòt nan jou ferye yo idantifye epi yo ka chanje jiska de nan jou ferye yo idantifye pou yon (plizyè) lòt jou founisè a chwazi

- 2. Pou kisa yo ka itilize Jou Fèmti Fleksib Edikatè FCC yo?**

Edikatè FCC yo ka itilize Jou Fèmti Fleksib pou maladi, vakans, tan pèsònèl ak/oswa dèy.

- 3. Kilè Edikatè FCC yo pa ka itilize Jou Fèmti Fleksib yo?**

Edikatè FCC yo pa ka itilize Jou Fèmti Fleksib yo si pwogram nan pa gen lisans EEC ankò, li pa gen yon koupon oswa kontra ankò, oswa li pa gen okenn timoun k ap resevwa CCFA an plasman.

- 4. Konbyen Jou Fèmti Fleksib edikatè FCC yo genyen ane fiskal 2025 sa a (1ye jiyè 2024- 30 jen 2025)?**

Akòz dat ratifikasyon kontra a, edikatè FCC ki te antre nan yon akò koupon oswa ki te gen kontra avèk yon Sistèm FCC oswa anvan 30 jen 2024, pral jwenn 5 Jou Fèmti Fleksib retwoaktivman ak 10 Jou Fèmti fleksib. **Sa vle di tout Edikatè FCC ki satisfè kritè sa yo ap gen 15 jou Fèmti Fleksib nan AF2025 la epi jiska 5 jou repò apati AF2024 la. Maksimòm jou fèmti fleksib ki admisib pou pou AF2025 la se 20 jou.**

Edikatè FCC yo ap gen jiska 31 desanm 2024, pou itilize tout jou repò yo (jou Retwoaktif Fleksib AF24 jou Repò AF24). Tanpri gade tablo anba a pou jwenn detay yo.

Ane Fiskal (AF)	AF25	AF26	AF27
Jou Repò	Jiska 5 jou	Jiska 3 jou	Jiska 3 jou
Jou Retwoaktif Fleksib AF24	5 jou	P/A	P/A
Jou Fèmti Fleksib	10 jou	10 jou	10 jou
Maksimòm Jou pa Ane Fiskal	20 jou	13 jou	13 jou

Yon chanjman sistèm CCFA annatant pou aplike chanjman sa a. Mizajou sistèm CCFA ki nesesè pou politik sa a pwogramme pwovizwaman pou fen mwa septanm lan.

## **5. Konbyen Jou Fèmti Fleksib yon Edikatè FCC ka repòte nan ane k ap vini yo?**

Edikatè FCC yo ka repòte jiska 3 Jou Fèmti Fleksib chak ane fiskal apati de Ane Fiskal 2026 la (ki kòmanse 1ye jiyè 2025). Edikatè FCC yo ap gen jiska 30 septanm chak ane fiskal pou itilize tan an. Tout tan repò ki pa itilize anvan 30 septanm ap pèdi. Yon chanjman sistèm CCFA annatant pou aplike chanjman sa a.

## **6. Kisa k ap pase si yon Edikatè FCC te déjà itilize Jou Fèmti Fleksib yo (oswa ansyen PTO) apre 1ye jiyè 2024?**

EEC p ap konte okenn Jou Fèmti fleksib ki itilize pandan mwa jiyè 2024 la. Tout tan repò apati de AF24 Edikatè FCC a itilize apre Jiyè 2024 pral konte nan tan li itilize.

## **7. Kilè Edikatè FCC yo ka kòmanse itilize Jou Fleksib Retwoaktif yo?**

Edikatè FCC ki te antre nan yon akò koupon oswa ki te fè kontra avèk yon sistèm FCC nan dat 1ye jiyè 2024 oswa anvan sa, ap kòmanse ak 5 jou retwoaktif apati de 1ye out 2024.

## **8. Ki dat limit pou itilize Jou Fèmti Fleksib Retwoaktif repòte yo apati de AF24 la?**

Edikatè FCC yo ap gen jiska 31 desanm 2024, pou yo itilize tout jou repò yo (jou Retwoaktif AF24 jou Repò Konje Peye AF24 ki Repòte).

## **9. Ki jan Jou Fèmti Fleksib yo akimile pou Edikatè FCC yo?**

Apati de AF25 la ak pi devan, pa gen okenn pwosesis akimilasyon ankò. Edikatè FCC pral jwenn 10 Jou Fèmti Fleksib nan dat 1ye jiyè chak ane.

Nouvo Edikatè FCC ki aksepte asistans finansye pou swen timoun yo pral sijè a yon peryòd atant 90 jou anvan yo ka itilize jou Fèmti Fleksib yo. Pa egzanp, yon Edikatè FCC ki te kòmanse sèvi timoun nan mwa janvye pa ka itilize tan Fèmti Fleksib jiska 90 jou apati 1ye janvye.

## **POU SISTÈM SWEN TIMOUN NAN FANMI (FCC) SÈLMAN:**

- Kilè yo dwe ofri swen ranplasman epi kisa ranbousman an ye pou edikatè orijinal FCC yo ak edikatè swen ranplasman yo?**

Tanpri gade tablo ki anba a.

Tip Fèmti	Swen ranplasman yo ofri	Ranbousman
Jou Ferye Eta a	Non	Konplè Chak Jou, Frè Paran ladann
Jou Fèmti Fleksib	Wi	FCC orijinal: Konplè Chak Jou, Frè Paran ladann
		Ranp FCC: Konplè Chak Jou, mwens Frè Paran
Jou Developman Pwofesyonèl	Non	Konplè Chak Jou, Frè Paran ladann

- Èske pwogram GSA yo oblige soumèt Kalandriye Fèmti Anyèl la bay EEC nan kòmansman Ane Fiskal la?**

EEC mande pou Sistèm FCC yo soumèt Kalandriye Fèmti Anyèl la bay EEC epi Edikatè FCC Endependan yo oblige soumèt li bay CCRR yo pou rapòte Fèmti Jou Ferye yo, Jou Developman Pwofesyonèl yo, ak Jou Fèmti Fleksib yo.

- Kilè Sistèm FCC yo oblige antre chak kalandriye Edikatè FCC nan CCFA?**

Sistèm FCC yo oblige antre 12 fèmti jou ferye chak Edikatè FCC (gen ladan echanj jou ferye si sa nesesè) nan CCFA 30 septanm 2024 pou pita.

- Kijan Sistèm FCC yo ajoute nan fèmti jou ferye chak Edikatè nan CCFA?**

CCFA pèmèt òganizasyon administratif la disosye òganizasyon administratif de kalandriye edikatè a. Tanpri gade direktiv sistèm CCFA nan <https://www.mass.gov/lists/ccfa-training-resources> pou yon eksplikasyon sou fonksyon sa a.

- Kilè ak kijan yo ta dwe avize Sistèm FCC yo sou fèmti yon Edikatè FCC?**

Sistèm FCC yo ta dwe travay men nan men ak Edikatè FCC yo pou konprann ak kowòdone kalandriye yo pandan tout ane a. Edikatè FCC yo ta dwe rapòte kalandriye jou ferye yo bay Sistèm FCC a nan kòmansman ane fiskal la, ansanm ak nenpòt plan pou chanje jou ferye eta apwouve yo pou jou ferye reliye oswa 2 lòt jou (ki pa reliye) edikatè a chwazi, epi Jou Fèmti fleksib planifye yo.

Sistèm yo ta dwe travay avèk Edikatè FCC yo sou kowòdinasyon Jou Fèmti Fleksib la.

Edikatè FCC yo responsab pou notifye Sistèm Swen Timoun nan Fanmi yo (Sistèm FCC) oswa Ajans Resous ak Referans Swen Timoun lan (CCRR) alekri sizoka yo gen entansyon itilize Jou Fèmti Fleksib yo. Sistèm FCC oswa CCRR dwe reponn alekri pou konfime yo te resevwa notifikasyon an. Yo konsidere notifikasyon pa imèl kòm ase komunikasyon alekri.

Edikatè FCC yo dwe enfòme Sistèm FCC yo sou itilizasyon Jou Fèmti Fleksib yo omwen 7 jou davans.

Nan ka yon Jou Fèmti Fleksib ki pa planifye oswa sanzatann, Edikatè FCC yo dwe kominike fèmti a pi vit posib.

Edikatè FCC ki vle anile yon Jou Fèmti Apwouye ki te deja pwograme dwe fè Sistèm FCC yo oswa CCR&R yo konnen yo pa pral itilize tan pwograme a nan oswa anvan kòmansman jounen travay la.

## **6. Ki responsablite Sistèm FCC a lè yon pwogram edikatè FCC a louvri lè Biwo Administratif la fèmen pou yon Jounen Fèmti Fleksib?**

Sistèm FCC yo dwe bay tout Edikatè FCC yo pwotokòl ijans ekri tankou enfòmasyon kontak yon anplwaye deziyen ki rete disponib lè biwo administratif la fèmen. Yo dwe bay tout Edikatè FCC enfòmasyon kontak sa yo anvan dat fèmti a. Epitou, Sistèm nan dwe enfòme Edikatè FCC yo sou tout sèvis Sistèm nan bay ki pap disponib nan jou fèmti sa yo tankou transpò oswa swen ranplasman. Chak fwa sa posib epi si li disponib, yo ta dwe ofri swen sipò pou fanmi yo nan Jounen Fèmti Fleksib yo.

Edikatè FCC yo ta dwe kontinye komunikasyon nòmal ak anplwaye lisans EEC nan ka ijans.

## **7. Gen kèk Sistèm FCC ki te itilize Jou Fèmti Fleksib oswa jou fèmti ki pa peye pou fèmen nan jou apre Aksyon Degras la oswa Nwèl la. Èske jou sa yo toujou disponib pou edikatè FCC yo?**

Edikatè FCC yo, ak tout pwogram yo, ka chwazi itilize 10 Jou Fèmti Fleksib yo nan diskresyon yo, avèk notifikasyon apwopriye pou fanmi yo, tankou pou jou apre Aksyon Degras oswa Nwèl yo.

## **8. Èske yon Edikatè FCC ka pran yon Jou Fleksib Pasyèl?**

Jou Fèmti Fleksib yo fèt pou itilize pandan plizyè jou kote yon pwogram fèmen pandan tout jounen an epi yo pa kapab repati sou plizyè jou.